

## Nouvo kat Medicare, menm ansyen magouyè yo

Medicare pral voye nouvo kat Medicare ki pi sekirize pa lapòs, epi l ap genyen yon nimewo Medicare ki inik pou chak moun ki gen Medicare. Medicare ap debarase l avèk ansyen kat la paske ansyen nimewo Medicare la te baze sou nimewo Sekirite Sosyal yon moun. Pafwa magouyè yo konn itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou eseye vòlè idantite yon moun, ouvri nouvo kat kredi oswa menm prete lajan sou non yon lòt moun.

Benefis ou yo pap chanje avèk nouvo kat Medicare la, epi y ap voye l pou ou gratis—ou pa bezwen fè anyen pou resevwa l.

Magouyè yo ap espere ou pa okouran de chanjman k ap fèt nan kat Medicare yo epi yo ka eseye itilize opòtinite sa a pou yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou. Defann ou lè w suiv ti konsèy sa yo ki vin aprè a:

- **Pinga w peye pou nouvo kat Medicare w la.** Li gratis. Si nenpòt moun rele w epi l di w se pou peye pou kat la, se yon magouy. Pinga w janm bay nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo kont labank ou oswa pinga voye lajan kach bay pèsòn ki di w yo bezwen l pou ka resevwa nouvo kat Medicare w la.
- **Pinga w bay moun ou pa konnen oswa moun ou pa t kontakte dabò nimewo Medicare w la.** Gen kèk magouyè ki konn rele epi yo pretann se Medicare k ap rele, men Medicare—oswa yon moun ki reprezante Medicare—pap janm mande w enfòmasyon pèsònèl ou pou ka resevwa nouvo kat Medicare w la. Pataje nimewo Medicare w la sèlman avèk doktè w oswa moun ou fè konfyans nan kominote a ki travay avèk Medicare, tankou *State Health Insurance Assistance Program* (SHIP). Di “non mèsi” a nenpòt moun ou pa konnen ki ofri pou ede w ranpli aplikasyon oswa fòm ki mande pou mete enfòmasyon pèsònèl ou tankou nimewo Sekirite Sosyal ou.
- **Pinga w bay moun ou pa konnen enfòmasyon sou kont labank ou.** Si yon moun ofri w pou l depoze yon ranbousman oswa yon bonis nan kont labank ou paske w te resevwa yon nouvo kat Medicare, se yon magouy.
- **Pa kite pèsòn twonpe w lè l fè w kwè yo pral anile benefis Medicare w yo amwenske w ba yo nimewo Medicare w la.** Si yon moun menase w pou l anile benefis medikal ou yo si w pa ba yo nimewo Medicare w la, fèmen telefòn nan! Si w resevwa yon apèl epi w sispèk gen yon bagay ki pa kòrèk, kontakte 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY: 1-877-486-2048) oswa vizite Senior Medicare Patrol nan [smpresource.org](http://smpresource.org).
- **Detwi ansyen kat Medicare w la.** Yonfwa ou resevwa nouvo kat Medicare w la, detwi ansyen kat Medicare w la epi kòmanse itilize nouvo kat ou a toutsuit. Pinga w senpleman voye ansyen kat la jete—dechire l oswa koupe l nan plizyè ti moso. Vizite chanèl CMSHHSgov sou YouTube pou gade videyo nou an ki rele “*Destroy your old Medicare card (Detwi ansyen kat Medicare w la)*”.

Sa pran tan pou yo rive voye nouvo kat Medicare pa lapòs bay demilyon ameriken. Kidonk kat ou a ka rive nan yon lè ki diferan parapò ak lè zanmi w oswa vwazen w resevwa pa yo a. Pou

jwenn ki lè y ap kòmanse voye nouvo kat yo pa lapòs nan zòn ou an, vizite [Medicare.gov/NewCard](https://www.Medicare.gov/NewCard), epi anrejistre pou resevwa alèt Medicare voye pa imèl.

Pou aprann plis sou fason ou ka jwenn èd pou konbat fwòd nan Medicare, vizite [Medicare.gov/fraud](https://www.Medicare.gov/fraud).